

2025

Rezime Avantaj yo

Senior Whole Health Medicare Complete Care (HMO DSNP)

New York H5992-009-001

K ap anvigè soti 1ye janvye pou rive 31 desanm 2025


Entwodiksyon Rezime Avantaj yo

Senior Whole Health Medicare Complete Care

Mèsi paske w ap reflechi pou antre nan Molina Healthcare! Tout moun merite bonjan kalite swen. Depi lane 1980, manm nou yo kapab konte sou Molina. Paske, jounen jodi a, kòm dabitid, priyorite nou se bezwen ou yo.

Dokiman sa a pa enkli tout avantaj ak tout sèvis ke nou kouvri oswa tout limit oswa eksepsyon. Pou jwenn yon lis ki gen tout sèvis yo, tanpri, al gade nan Prèv sou Kouvèti Asirans lan (Evidence of Coverage, EOC). W ap jwenn yon kopi EOC a sou sitwèb nou an nan [MolinaHealthcare.com/Medicare](https://www.MolinaHealthcare.com/Medicare). Ou kapab rele Sèvis pou Manm lan tou nan (833) 671-0440, TTY 711 epi n ap voye yon kopi ba ou pa lapòs.

Pou antre nan nou an, ou dwe gen dwa pou resevwa Medicare Pati A, ou dwe enskri nan Medicare Pati B ak nan Medicaid nan New York, epi ou dwe ap viv nan zòn sèvis nou an. Zòn sèvis nou an gen konte sa yo ladan l New York: Bronx, Nassau, New York, Orange, Queens, Richmond, Rockland, ak Westchester.



Molina gen yon rezo doktè, lopital, famasi ak lòt pwofesyonèl swen sante. Sof nan ka ijans, si ou itilize yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo nou an, nou ka pa peye pou sèvis sa yo. Si ou vle konpare plan nou an avèk lòt plan sante Medicare yo, mande lòt plan yo pou Rezime Avantaj pa yo a oswa itilize Lokalizatè Plan Medicare (Medicare Plan Finder) a nan [medicare.gov](https://www.medicare.gov).

Pou kouvèti a ak frè pou plan Original Medicare, gade nan manyèl aktyèl “Medicare ak Ou” (Medicare & You) a. Gade li sou entènèt nan sitwèb [medicare.gov](https://www.medicare.gov) oswa jwenn yon kopi lè ou rele **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**. Moun ki itilize sèvis TTY yo dwe rele 1-877-486-2048. Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri rele ekip Sèvis pou Manm nou an nan **(833) 671-0440, TTY 711**, 7 jou pa semèn, 8 a.m. jiska 8 p.m., lè lokal.

Konsènan Medicare

Medicare se yon asirans sante pou moun ki gen laj 65 lane oswa plis yo, oswa pou moun ki gen mwens pase laj 65 lane ki gen sèten andikap.

Original Medicare se yon Pwogram Asirans Federal. Li peye yon frè pou swen ou dirèkteman bay doktè ak lopital ou vizite yo. Original Medicare pa kouvri majorite swen prevantif epi li kapab genyen anpil depans enprevi ak lajan ki soti nan pòch kliyan yo.



Medicare Pati A (Asirans Lopital) kouvri swen pou pasyan ki entène nan lopital, nan etablisman swen enfimye espesyalize, nan swen ospis ak kèk sèvis swen sante adomisil.



Medicare Pati B (Asirans Medikal) kouvri sèten sèvis doktè, swen pou pasyan ekstèn, ekipman medikal ak sèvis prevansyon.



Medicare Pati C (Medicare Advantage) se yon opsyon olye Original Medicare ki enkli tout opsyon yo nan yon sèl plan. Plan Medicare Advantage yo enkli Pati A, Pati B epi anjeneral Pati D tou. Gen kèk plan Medicare Advantage ki ka gen mwens depans ki fèt ak lajan ki soti nan pòch kliyan pase nan Original Medicare epi yo gendwa kouvri avantaj siplemantè ke Original Medicare pa kouvri – tankou sèvis swen dantè, swen vizyon oswa odisyon. Medicare peye yon frè fiks bay plan an pou swen ou resevwa, epi apresya plan an peye doktè yo ak lopital yo dirèkteman. Medicare Advantage gen depans previzib ki fèt ak lajan ki soti nan pòch kliyan epi li ofri swen prevantif ak kowòdinasyon swen.



Medicare Pati D (Kouvèti pou Medikaman sou Preskripsyon) ede w peye pou medikaman ou achte nan yon famasi.

Kategori ki kalifye pou Kouvèti Elijibilite Doub nan Medicaid

- **Benefisyè ki Kalifye pou Medicare Plus (QMB+):** Medicaid peye montan prim, franchiz, ko-asirans ak kopeman pou Medicare Pati A ak Pati B w la. Ou resevwa kouvèti Medicaid pou pataj frè Medicare epi ou kalifye pou avantaj konplè Medicaid yo.
- **Doub Elijibilite pou Avantaj Konplè (FBDE):** Pafwa, moun ka kalifye alafwa pou kouvèti limite pataj frè nan Medicare la ansanm ak avantaj konplè Medicaid yo.



Chanjman nan Elijibilite a:

Li enpòtan pou w li ak reponn tout kominikasyon ou resevwa pa lapòs ki soti nan Sekirite Sosyal oswa nan biwo Medicaid eta w la pou w ka pwoteje estati pataj frè \$0 w la antanke yon benefisyè doub elijibilite ki resevwa avantaj konplè.

Detanzantan, jan CMS egzije sa, n ap verifye estati elijibilite Medicaid ou a ansanm ak kategori doub elijibilite w la. Si ou pèdi kouvèti Medicaid ou a konplètman, y ap ba ou yon delè siplemantè pou aplike pou Medicaid ankò.

Si ou pa kalifye antan ke benefisyè pou doub elijibilite pou avantaj konplè a ankò, yo ka retire w nan Plan an kont volonte w apre delè siplemantè a. Ajans Medicaid eta w la ap voye notifikasyon ba ou sou Medicaid ou pèdi a oswa sou chanjman ki fèt nan kategori Medicaid la. Epiou, nou ka kontakte ou pou nou fè w sonje pou aplike ankò pou Medicaid kòm yon benefisyè doub elijibite ak avantaj konplè. Se poutèt sa li enpòtan pou fè nou konnen kilè adrès postal ou ak/oswa nimewo telefòn ou chanje.

Rezime Prim ak Avantaj yo

Senior Whole Health Medicare Complete Care

Prim Mansyèl \$0 chak mwa



Fanchiz Medikal Ou peye \$0 pou franchiz medikal chak ane.



Responsabilite Maksimòm pou Depans ak Lajan ki Soti nan Pòch yo \$9,350 chak ane pou sèvis ou resevwa nan men pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a.
(medikaman sou preskripsyon pa enkli)



Senior Whole Health Medicare Complete Care

Pasyan ki Entènè Lopital

Ou peye \$0 pou yon sejou nan lopital ki dire 1 jiska 90 jou pou chak peryòd avantaj.



Plan nou an garanti tou 60 "jou rezèv pou tout lavi." Sa yo se jou "siplemanchè" ke nou kouvri. Si sejou lopital ou a dire plis pase 90 jou pou chak peryòd avantaj, ou ka itilize jou siplemanchè sa yo. Men, depi ou fin itilize 60 jou siplemanchè sa yo, kouvèti w pou sejou nan lopital ap limite a 90 jou pou chak peryòd avantaj.

Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Pasyan ki pa Entènè Lopital

\$0 kòm kopeman pou chak vizit



Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Sant Chiriji Anbilatwa

\$0 kòm kopeman pou chak vizit



Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Vizit nan klinik doktè Swen Prensipal



\$0 kòm kopeman pou chak vizit

Espesyalis

\$0 kòm kopeman pou chak vizit

Swen Prevantif



\$0 kòm kopeman

Chèche ranje ki gen pòm lan nan tablo avantaj medikal yo nan Chapit 4 Prè sou Kouvèti a. Tout sèvis prevantif siplemanchè Medicare apwouve pandan ane plan an ap kouvri.

Rezime Prim ak Avantaj yo (Kontinye)

Senior Whole Health Medicare Complete Care

Swen Ijans

\$0 kòm kopeman



Sèvis ki Nesesè Annijans

\$0 kòm kopeman



Sèvis Dyagnostik/ Laboratwa/Imajri

Tès ak pwosedi dyagnostik

\$0 kòm kopeman



Sèvis laboratwa

\$0 kòm kopeman

Sèvis radyoloji dyagnostik (tankou IRM, Eskàn CT)

\$0 kòm kopeman

Radyografi pou pasyan ki pa entènè

\$0 kòm kopeman

Radyoloji terapetik

\$0 kòm kopeman

Otorizasyon alavans pou sèten sèvis ka obligatwa.

Ou pa bezwen mande otorizasyon alavans pou sèvis laboratwa pou pasyan ki pa entènè ak pou sèvis radyografi pou pasyan ki pa entènè. Otorizasyon alavans obligatwa pou tès jenetik nan laboratwa.

Sèvis Odisyon

Egzamen dyagnostik pou odisyon ak ekilib ke Medicare kouvri



\$0 kòm kopeman, 1 chak ane

Senior Whole Health Medicare Complete Care

Sèvis Swen Dantè



Sèvis dantè Medicare kouvri

\$0 kòm kopeman

Swen dantè prevantif

\$0 kòm kopeman pou vizit nan klinik

- Egzamen nan bouch
- Pwofilaksi (netwayaj)
- Tretman abaz fliyò
- Radyografi dantè

Swen dantè konplè

\$0 kòm kopeman pou vizit nan klinik

Tout sèvis dantè konplè ki nan lis pi ba a kouvri kay founisè ki nan rezo a jiska montan limit plan an presize pou chak sèvis.

- Ranplisaj ak Ekstraksyon
- Enplan (1 pou chak dan pou dire lavi)
- Pon ak Kouwòn
- Rasin Kanal
- Ratelye (fo dan) ak ajisteman ratelye
- Sèvis ki pa sèvis woutin yo tankou detrataj, antretyen pawodontal ak trètman palyatif dijans

Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Rezime Prim ak Avantaj yo (Kontinye)

Senior Whole Health Medicare Complete Care

Sèvis Swen Vizyon



Sèvis swen vizyon Medicare kouvri

- Egzamen vizyon pou dyagnostike/trete maladi zye (sa gen ladan depistaj glokòm chak ane): \$0 kòm kopeman
- Linèt oswa lantiy kontak apre operasyon katarak: \$0 kòm kopeman

Nou gen patenarya ak yon Founisè Pwodui pou Zye pou nou ba ou plis avantaj pou bezwen woutin ou genyen pou zye!

Sèvis Vizyon siplemantè ki kouvri yo enkli, men yo pa limite ak:

Plan an kouvri:

- Yon egzamen woutin pou zye chak ane kalandriye
- Yon alokasyon pou linèt oswa lantiy kontak

Ou ka itilize \$285 alokasyon pou linèt oswa lantiy kontak ou a pou w achte:

- Lantiy kontak*
- Linèt (vè ak monti)
- Vè linèt ak / oswa monti
- Amelyorasyon (tankou vè tente, U-V, polarize oswa lantiy fotokwomatik).

*Si w chwazi lantiy kontak, lajan pou linèt la ka sèvi kòm yon pati oswa tout montan an nan pèman pou lantiy kontak yo.

Ou responsab pou w peye nenpòt linèt koreksyon ki depase limit lajan plan an bay la.

\$0 kòm kopeman pou jiska yon egzamen woutin pou zye (ak refraksyon) pou linèt chak ane kalandriye.

Senior Whole Health Medicare Complete Care

Sèvis Sante Mantal



Vizit pasyan ki entènè

Ou peye \$0 pou jou 1 jiska 90 pou sejou nan lopital pou pasyan ki entènè.

Gen yon peryòd limit 190 jou pou swen nan lopital sikyatrik pou pasyan ki entènè. Limit swen nan lopital pou pasyan ki entènè a pa aplike pou sèvis sante mantal yo founi pasyan ki entènè nan yon lopital jeneral.

Plan nou an garanti tou 60 "jou rezèv pou tout lavi." Sa yo se jou "siplemanchè" ke nou kouvri. Si sejou lopital ou a dire plis pase 90 jou, ou ka itilize jou siplemanchè sa yo. Men, depi ou fin itilize 60 jou siplemanchè sa yo, kouvèti w pou sejou nan lopital la ap limite a 90 jou.

Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Vizit terapi endividyèl/an gwoup pou pasyan ki pa entènè

\$0 kòm kopeman

Etablisman Swen Enfimye Espesyalize



Ou peye \$0 pou jou 1 jiska 100 pou yon sejou nan yon etablisman swen enfimye espesyalize.

Li pa obligatwa pou w te ospitalize anvan sa.

Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Terapi Fizik



Terapi fizik ak terapi lapawòl

\$0 kòm kopeman

Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Reyabilitasyon kadyak ak pilmonè

\$0 kòm kopeman

Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Terapi ak Egzèsis Sipèvize (SET)

\$0 kòm kopeman

Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Sèvis terapi okipasyonèl

\$0 kòm kopeman

Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Anbilans



\$0 kòm kopeman

Otorizasyon alavans obligatwa pou anbilans ki pa ijan sèlman.

Rezime Prim ak Avantaj yo (Kontinye)

Senior Whole Health Medicare Complete Care

Transpò

\$0 kòm kopeman



\$112 kòm alokasyon chak mwa pou Sèvis Transpò (pou ale nenpòt kote ki gen rapò ak sante) ak avantaj pou atik yo vann san preskripsyon (OTC) epi toude konbine. Alokasyon ki pa sèvi yo p ap transfere sou pwochen mwa a.

Ou dwe itilize kat Healthy You w la pou w resevwa avantaj la ak pou jwenn sèvis yo. Konsilte seksyon kat Healthy You a pou plis enfòmasyon.

Medikaman Medicare Pati B

Medikaman Chimyoterapi/ Radyasyon ak lòt Medikaman Pati B yo

\$0 kòm kopeman

Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Rezime Kouvèti pou Medikaman

Famasi Detayan Estanda ak Famasi pou Kòmann pa Lapòs

Toudepann revni ou ak kondisyon enstitisyonèl ou, w ap peye sa ki annapre yo:

Pou medikaman jenerik (ki enkli medikaman mak depoze ki trete kòm medikaman jenerik):

- \$0 kòm kopeman

Pou tout lòt medikaman yo:

- \$0 kòm kopeman

Etap Kouvèti a

Nan plan sa a, ou gen pataj depans zewo dola nan tout etap yo, ki gen ladan yo tout etap kouvèti dediktib, inisyal ak katastwofik yo.

Rezime Lòt Avantaj yo

Senior Whole Health Medicare Complete Care

Akiponkti



Akiponkti ke Medicare Kouvri

\$0 kòm kopeman

Yo kouvri jiska 12 vizit nan 90 jou pou doulè kwonik nan pati anba do. Yo kouvri jiska uit sesyon adisyonèl nan menm ane a pou pasyan sa yo ki demontre yon amelyorasyon.

Akiponkti Woutin

\$0 kòm kopeman

Jiska 30 vizit chak ane pou sèvis woutin yo.

Lòt Mezi pou Sispann Fimen ak Konsome Tabak

\$0 kòm kopeman

8 vizit pou konsèy anplis sa Medicare ofri yo.



Sèvis Telesante Adisyonèl



\$0 kòm kopeman

Sa enkli Sèvis Medsen Swen Prensipal, Sèvis Medsen Espesyalis, Sesyon Endividyèl pou Sèvis Sante Mantal Espesyalize, ak Sesyon Endividyèl pou Sèvis Sikyatrik.

Swen Kiwopraktik



Sèvis Kiwopraktik ke Medicare Kouvri

\$0 kòm kopeman

Manipilasyon kolòn vètebral pou korije yon sibliksasyon (lè youn oswa plizyè nan zo ki nan kolòn vètebral yo deplase nan pozisyon yo).

Dyaliz



\$0 kòm kopeman

Otorizasyon alavans obligatwa sèlman si sèvis dyaliz yo andeyò rezo a.

Avantaj pou Kondisyonman Fizik



\$0 kòm kopeman

Silver&Fit ofri aksè pou Manm yo nan etablisman kondisyonman fizik ki gen kontra ak yo ansanm ak Kit Kondisyonman Fizik Adomisil pou Manm ki prefere fè egzèsis lakay yo oswa pandan yo an deplasman.

Senior Whole Health Medicare Complete Care

Swen pou Pye (Podyatri)



Egzamen ak Tretman pou Pye ke Medicare Kouvri

\$0 kòm kopeman

Egzamen ak tretman pou pye si w gen nè ki andomaje akòz dyabèt ak/oswa si w satisfè kèk egzijans.

Swen Woutin pou Pye

\$0 kòm kopeman

Jiska 12 vizit chak ane.

Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Fòmasyon sou Sante



\$0 kòm kopeman

Pwogram pou ede w aprann jere pwoblèm sante w, ki enkli fòmasyon sou sante, materyèl aprantisaj, konsèy sou sante, ak konsèy sou swen.

Swen Sante Adomisil



\$0 kòm kopeman

Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Ekipman ak Materyèl Medikal



Ekipman Medikal Dirab (tankou chèz woulant, oksijèn)

\$0 kòm kopeman

Pwotèz/Materyèl Medikal

\$0 kòm kopeman

Sèvis ak Materyèl pou moun ki Dyabetik

\$0 kòm kopeman

Otorizasyon alavans ka obligatwa pou jwenn Ekipman Medikal Dirab, materyèl Pwotèz/Medikal ak materyèl pou moun ki Dyabetik yo.

Otorizasyon alavans obligatwa pou soulye ki fèt pou moun ki dyabetik yo ak semèl ki ajoute ladan yo.

Otorizasyon alavans pa obligatwa pou fabrikan prefere.

Rezime Lòt Avantaj yo (Kontinye)

Senior Whole Health Medicare Complete Care

Liy Asistans pou Konsèy Enfimyè 24 sou 24 \$0 kòm kopeman
Disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7.



Sèvis Pwogram Tretman abaz Opiyoyid \$0 kòm kopeman
Otorizasyon alavans obligatwa pou medikaman.



Sèvis pou bay San pou Pasyan Ekstèn \$0 kòm kopeman



Sèvis pou Abi Sibstans pou Pasyan Ekstèn \$0 kòm kopeman
Vizit pou terapi endividyèl oswa an gwoup
Otorizasyon alavans ka obligatwa.



Atik yo vann san preskripsyon (OTC) \$0 kòm kopeman
\$112 alokasyon chak mwa pou avantaj pou atik anvan lib yo (OTC) ak Sèvis Transpò yo (pou nenpòt kote ki gen rapò ak sante). Alokasyon ki pa sèvi yo p ap transfere sou pwochen mwa a.



Ou dwe itilize kat Healthy You w la pou w resevwa avantaj la ak pou jwenn sèvis yo. Konsilte seksyon kat Healthy You a pou plis enfòmasyon.

Swen Dijans ak Swen Ijan Mondyal \$0 kòm kopeman
Ou gen kouvèti pou sèvis swen dijans ak swen ijan mondyal pou jiska \$10,000.



Senior Whole Health Medicare Complete Care

Kat HealthyYou



\$0 kòm kopeman

Ou resevwa yon kat debi prepeye ki ka sèvi pou avantaj siplemantè selektif nan plan an tankou:

- Manje ak Pwouid*
- Atik yo vann san preskripsyon
- Transpò (Ki pa ljan)

Yo mete lajan sou kat la chak mwa. Nan fen chak mwa, kèlkeswa montan lajan ke w pa t itilize a yo p ap transfere l sou pwochen mwa oswa sou pwochen ane plan an.

*Kondisyon elijibilite aplikab

Avantaj Siplemantè Espesyal pou Maladi Kwonik



\$0 kòm kopeman

\$50 chak mwa pou manje ak pwouid. Alokasyon ki pa sèvi p ap transfere sou pwochen mwa a.

Otorizasyon alavans ka obligatwa.

Ou dwe itilize kat Healthy You w la pou w resevwa avantaj la ak pou jwenn sèvis yo. Konsilte seksyon kat Healthy You a pou plis enfòmasyon.

Manm yo dwe konplete yon Evalyasyon Risk pou Sante epi reponn ak kritè ki dekri nan Chapit 4 Prèy Kouvèti a.

Rezime Avantaj Medicaid Kouvri yo

Ki Sèvis ki Kouvri

Tablo anba a montre sèvis Medicare ak Medicaid kouvri yo. Si gen yon sèvis ki kouvri anba Plan Senior Whole Health Medicare Complete Care epitou anba Medicaid, w ap wè mo "Kouvri" a ekri nan kolòn Medicaid la.

Tanpri note byen ke tablo sa a aplike sèlman si ou gen dwa pou resevwa avantaj nan kad pwogram Medicaid eta w la. Si ou se yon manm swen kontwole Medicaid Molina a, plizyè nan sèvis ki nan lis ki la a pral kouvri nan plan w lan. Tanpri gade nan feyè manm pwogram swen jere Medicaid ou a pou jwenn enfòmasyon detaye sou kouvèti espesifik ou a. Pataj frè ou a varye sou baz kategori Medicaid ou a.

| Avantaj | Senior Whole Health Medicare Complete Care | New York Medicaid |
|---------|--|-------------------|
|---------|--|-------------------|

ENFÒMASYON ENPÒTAN

Prim ak Lòt Enfòmasyon Enpòtan

Si ou resevwa Èd Anplis (Extra Help) nan Medicare, prim plan mansyèl ou a ap bese oswa ou ka pa peye anyen.

Jeneral

\$0 kòm prim mansyèl pou plan an

Andedan Rezo a

\$9,350 kòm limit depans ki fèt avèk lajan ki soti nan pòch pou sèvis ke Medicare kouvri yo.

Sepandan, nan plan sa a ou p ap responsab okenn pataj depans pou sèvis ke Medicare kouvri yo, selon nivo elijibilite ou pou Medicaid.

Asistans Medicaid pou peman prim yo ak pataj depans yo ka varye selon nivo elijibilite ou pou Medicaid.

Chwa Doktè ak Lopital

(Pou plis enfòmasyon, gade Swen Ijans lan ak Swen Ki Nesesè Annjans.)

Andedan Rezo a

Ou dwe sèvi ak doktè, espesyalis ak lopital yo ki nan rezo a.

Ou dwe ale kay doktè, espesyalis ak lopital ki aksepte afektasyon Medicaid. Ou pa bezwen referans pou al wè espesyalis.

SÈVIS SWEN POU PASYAN KI PA ENTÈNE

Akiponkti

Kouvri

Pa Kouvri

| Avantaj | Senior Whole Health Medicare Complete Care | New York Medicaid |
|---------|--|-------------------|
|---------|--|-------------------|

SÈVIS SWEN POU PASYAN KI PA ENTÈNE (KONTINYE)

| | | |
|--|--------|---------------------------------|
| Sèvis Anbilans (Li dwe nesese pou rezon medikal) | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Sèvis Reyabilitasyon Kadyak ak Pilmonè | Kouvri | Pa Kouvri |
| Sèvis Kiwopraktik | Kouvri | Pa Kouvri |
| Sèvis Swen Dantè | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Pwogram ak Ekipman pou Dyabèt | Kouvri | Pa Kouvri |
| Tès Dyagnostik, Radyografi, Sèvis Laboratwa ak Sèvis Radyoloji | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Vizit nan Klinik Doktè | Kouvri | Kouvri |
| Ekipman Medikal Dirab (Ki enkli chèz-woulant, oksijèn, elatriye) | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Swen Ijans (Ou ka ale nan nenpòt sal dijans si ou panse tout bon vre ou bezwen swen ijan.) | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Sèvis Odisyon | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |

Rezime Avantaj Medicaid Kouvri yo (Kontinye)

| Avantaj | Senior Whole Health Medicare Complete Care | New York Medicaid |
|---|--|---|
| SÈVIS SWEN POU PASYAN KI PA ENTÈNE (KONTINYE) | | |
| Sèvis Sante Adomisil (Ki enkli swen enfimyè espesyalize pa okazyon ki nesesè pou rezon medikal, sèvis asistans medikal adomisil, sèvis reyabilitasyon, elatriye.) | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Swen Sante Mantal pou Pasyan ki Pa Entène | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Sèvis Reyabilitasyon pou Pasyan ki pa Entène (Terapi Okipasyonèl, Terapi Fizik, Terapi Lapawòl ak Langaj) | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Sèvis pou Pasyan ki Pa Entène | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Swen kont Itilizasyon Sibstans pou Pasyan ki Pa Entène | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Atik yo Vann san Preskripsyon | Kouvri | Se NYRx, pwogram famasi Medicaid la ki kouvri Atik OTC ki kouvri yo |
| Sèvis Podyatri | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Aparèy Pwotèz (Ki enkli aparèy òtopedik, manm ak zye atifisyèl, elatriye) | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Sèvis Transpò (Woutin) | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |

| Avantaj | Senior Whole Health Medicare Complete Care | New York Medicaid |
|---------|--|-------------------|
|---------|--|-------------------|

SÈVIS SWEN POU PASYAN KI PA ENTÈNE (KONTINYE)

| | | |
|--|--------|---------------------------------|
| Sèvis Ki Nesesè Annijans (Sa se PA swen ijans epi, nan pifò ka, li andeyò zòn sèvis la.) | Kouvri | Kouvri |
| Sèvis Swen Vizyon | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Byennèt ak Edikasyon ak lòt Pwogram Avantaj Siplemanchè | Kouvri | Pa Kouvri |

SWEN POU PASYAN KI ENTÈNE

| | | |
|--|--------|---------------------------------|
| Swen pou Pasyan ki Entène Lopital (Ki enkli Sèvis pou Abi Dwòg ak Reyabilitasyon) | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Swen Sante Mantal pou Pasyan ki Entène | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Etablisman Swen Enfimye Espesyalize (SNF) (Nan yon etablisman swen enfimye espesyalize Medicare sètifye) | Kouvri | Kouvri |

SÈVIS PREVANTIF

| | | |
|------------------------------|--------|---------------------------------|
| Maladi ak Pwoblèm Ren | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
| Sèvis Prevantif | Kouvri | Kouvri |

Rezime Avantaj Medicaid Kouvri yo (Kontinye)

| Avantaj | Senior Whole Health Medicare Complete Care | New York Medicaid |
|---------|--|-------------------|
|---------|--|-------------------|

OSPIS

| | | |
|--------------|--------|---------------------------------|
| Ospis | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
|--------------|--------|---------------------------------|

AVANTAJ POU MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON

| | | |
|---|--------|---------------------------------|
| Medikaman sou Preskripsyon pou Pasyan ki Pa Entènè | Kouvri | Kouvri Restriksyon ka aplike |
|---|--------|---------------------------------|

AVANTAJ ADISYONÈL MEDICAID

AVANTAJ

KOUVÈTI MEDICAID

| | |
|--|-------------------------------------|
| Sèvis Entèkansyon Dijans Pèsonèl (PERS) | Kouvri |
| Repa | Kouvri Kèk restriksyon ka aplike |
| Transpò Medikal ki pa ljan | Kouvri Kèk restriksyon ka aplike |

Glosè pou Tèm yo

Ko-asirans

Pousantaj ou peye nan kad pati pa w nan pataj frè pou sèvis medikal oswa medikaman sou preskripsyon yo. Pa egzanp, si ou gen 20 pousan ko-asirans, ou peye 20 pousan nan frè ki sou fakti medikal ou a.

Kopeman

Montan fiks ou peye nan pati pa w pou pataj frè pou yon sèvis oswa atik medikal. Pa egzanp, ou ka genyen \$20 kòm kopeman chak fwa ou al kay doktè swen prensipal ou a.

Franchiz

Kantite lajan ou peye pou sèvis swen sante oswa pou preskripsyon anvan asirans ou a kòmanse peye.

Èd Anplis

Yon pwogram Medicare pou ede moun, ki gen revni ak resous limite, peye frè pou pwogram medikaman sou preskripsyon yo, tankou prim, franchiz ak ko-asirans.

Swen alontèm

Sèvis ak sipò pou moun ki pa ka fè aktivite debaz lavi toulèjou yo, tankou abiye ak benyen. Medicare ak pifò plan asirans sante pa peye pou swen alontèm.

Medicaid

Yon pwogram eta ak federal ki bay kouvèti sante pou moun ki gen revni ki ba.

Medicare Advantage

Ke yo rele tou Pati C. Yon tip plan Medicare ke yon konpayi prive ofri ke Medicare apwouve. Yon plan Medicare Advantage se yon lòt opsyon ou ka chwazi olye Original Medicare. Li bay tout avantaj ou jwenn nan Pati A ak Pati B yo epi souvan li ofri avantaj anplis tankou swen dantè ak vizyon.

Original Medicare

Medicare Pati A (asirans lopital) ak Pati B (asirans medikal). Majorite moun jwenn li lè yo vin gen laj 65 lane. Gouvènman federal la jere Original Medicare.

Montan maksimòm pou lajan ki sòti nan pòch ou

Montan ki pi wo ou gen pou peye pou sèvis ki kouvri yo nan yon lane. Depi ou rive nan montan sa a, asirans ou an kouvri 100 pousan nan swen ki nesèsè pou rezon medikal pou rès ane a.

Prim

Kantite lajan ou peye chak mwa pou Medicare oswa yon plan sante pou kouvèti.

Sèvis prevantif

Swen sante pou fè prevansyon oswa pou detekte maladi nan yon faz prekòs. Pifò plan sante dwe kouvri kèk sèvis prevantif ki enpòtan, tankou vaksen kont grip ak tès depistaj pou tansyon, san ou pa peye anyen.

Kijan ou ka enskri?



Aplike nan Telefòn

Rele **(888) 566-3526, TTY 711**, pou enskri nan telefòn. Ekip Konseye Fyab Molina Medicare nou yo ap kontan reponn kesyon ou yo epi y ap ede w enskri.



Aplike Anpèsòn

Si ou pito rankontre fasafas ak youn nan Konseye Fyab Molina Medicare nou yo, tanpri rele nou pou pran yon randevou.



Aplike pa Lapòs

Annik ranpli aplikasyon pou enskripsyon an epi retounen l nan yon anvlòp postal prepeye. Si ou poko genyen yon fòm aplikasyon pou enskripsyon, rele nou epi n ap kontan voye youn pa lapòs ba ou.



Aplike sou Entènèt

Ale sou SWHNY.COM pou aplike sou entènèt.

Molina Healthcare se yon plan C-SNP, D-SNP ak HMO ki gen yon kontra ak Medicare. Plan D-SNP yo gen yon kontra ak pwogram Medicaid eta a. Enskripsyon an depann de renouvèlman kontra a.



Medicare Language Assistance Services

Free aids and services, such as sign language interpreters and written information in alternative formats are available to you. Call 1-800-665-3086 (TTY: 711).

English:

We have free interpreter services to answer any questions you may have about our health or drug plan. To get an interpreter, just call us at 1-800-665-3086. Someone who speaks English can help you. This is a free service.

Spanish:

Tenemos servicios de intérprete sin costo alguno para responder cualquier pregunta que pueda tener sobre nuestro plan de salud o medicamentos. Para hablar con un intérprete, por favor llame al 1-800-665-3086. Alguien que hable español le podrá ayudar. Este es un servicio gratuito.

Chinese Mandarin:

如果您对我们的健康计划或药品计划有任何问题，我们可以提供免费的口译服务回答您的问题。若要获得口译服务，请致电我们：1-800-665-3086。说普通话的人士会帮助您。这是免费服务。

Chinese Cantonese:

我們有免費的口譯員服務，可回答您對於我們健康或藥物計劃的任何問題。若需要口譯員，請撥打1-800-665-3086 聯絡我們。能說广东话的人士會為您提供協助。這是免費的服務。

Tagalog:

May mga libre kaming serbisyo ng interpreter para sagutin ang anumang posibleng katanungan ninyo tungkol sa aming planong pangkalusugan o plano sa gamot. Para kumuha ng interpreter, tawagan lang kami sa 1-800-665-3086. May makakatulong sa inyo na nagsasalita ng Tagalog. Isa itong libreng serbisyo.

French:

Nous proposons des services gratuits d'interprétation pour répondre à toutes vos questions relatives à notre régime de santé ou d'assurance-médicaments. Pour accéder au service d'interprétation, il vous suffit de nous appeler au 1-800-665-3086. Un interlocuteur parlant français pourra vous aider. Ce service est gratuit.

Vietnamese:

Chúng tôi có các dịch vụ thông dịch miễn phí để trả lời các câu hỏi của quý vị về chương trình sức khỏe hoặc chương trình thuốc của chúng tôi. Để có thông dịch viên, hãy gọi cho chúng tôi theo số 1-800-665-3086. Sẽ có nhân viên nói tiếng Việt trợ giúp quý vị. Đây là dịch vụ miễn phí.

German:

Unser kostenloser Dolmetscherservice beantwortet Ihre Fragen zu unserem Gesundheits- und Arzneimittelplan. Unsere Dolmetscher erreichen Sie unter 1-800-665-3086. Man wird Ihnen dort auf Deutsch weiterhelfen. Dieser Service ist kostenlos.

Korean:

당사는 의료 보험 또는 약품 보험에 관한 질문에 답해 드리고자 무료 통역 서비스를 제공하고 있습니다. 통역 서비스를 이용하려면 전화 1-800-665-3086번으로 문의해 주십시오. 한국어를 하는 담당자가 도와드릴 것입니다. 이 서비스는 무료로 운영됩니다.

Russian:

Получить ответы на вопросы о нашем медицинском страховом плане или о плане, покрывающем лекарства по рецепту, вам бесплатно помогут наши устные переводчики. Просто позвоните нам по номеру 1-800-665-3086. Вам бесплатно поможет русскоязычный сотрудник.

Arabic: إننا نقدم خدمات المترجم الفوري المجانية لإجابة عن أي أسئلة تتعلق بالصحة أو جدول الأدوية لدينا. للحصول على مترجم فوري، ليس عليك سوى الاتصال بنا على الرقم 1-800-665-3086. سيقوم شخص يتحدث العربية بمساعدتك. هذه خدمة مجانية.

Hindi:

हमारी स्वास्थ्य या दवा योजना के बारे में अगर आपके कुछ सवाल हैं, तो उनके जवाब देने के लिए हमारे पास निःशुल्क दुभाषिया सेवाएँ उपलब्ध हैं। दुभाषिया पाने के लिए, हमें 1-800-665-3086 पर कॉल करें। हृदि बोलने वाला कोई व्यक्ति आपकी मदद कर सकता है। यह एक निःशुल्क सेवा है।

Italian:

È disponibile un servizio di interpretariato gratuito per rispondere a eventuali domande sul nostro piano sanitario o farmaceutico. Per ottenere un interprete, contattare il numero 1-800-665-3086. Un nostro incaricato che parla italiano fornirà l'assistenza necessaria. È un servizio gratuito.

Portuguese:

Dispomos de serviços de interpretação gratuitos para responder a qualquer questão que tenha acerca do nosso plano de saúde ou de medicação. Para obter um intérprete, contacte-nos através do número 1-800-665-3086. Irá encontrar alguém que fale o idioma português para o ajudar. Este serviço é gratuito.

French Creole:

Nou genyen sèvis entèprèt gratis pou reponn tout kesyon ou ta genyen konsènan plan medikal oswa asirans medikaman nou an. Pou jwenn yon entèprèt, jis rele nou nan 1-800-665-3086. Yon moun ki pale Kreyòl kapab ede w. Sa a se yon sèvis ki gratis.

Polish:

Umożliwiamy bezpłatne skorzystanie z usług tłumacza ustnego, który pomoże w uzyskaniu odpowiedzi na temat planu zdrowotnego lub dawkowania leków. Aby skorzystać z pomocy tłumacza znającego język polski, należy zadzwonić pod numer 1-800-665-3086. Ta usługa jest bezpłatna.

Japanese:

当社の健康健康保険と薬品処方薬プランに関するご質問にお答えするために、無料の通訳サービスがあります。通訳をご用命になるには、1-800-665-3086にお電話ください。日本語を話す人者が支援いたします。これは無料のサービスです。

Èske ou pare pou enskri oswa ou gen kesyon?

Rele (888) 566-3526, TTY: 711

Manm Aktyèl yo dwe Rele:

(833) 671-0440, TTY: 711

Orè yo se 1ye oktòb - 31 mas, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal, 7 jou sou 7. Soti 1ye avril - 30 septanm, lendi – vandredi, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal.